

Sa Ou Dwe Konnen Sou FHEPS oswa Lèt pou Makèt ak Sèvis Piblik CITYFHEPS yo (Haitian Creole)

Kantite lajan ou wè ki ekri nan lèt pou makèt (shopping letter) la se kantite maksimòm ou ka lwe yon apatman lè yo enkli tout sèvis piblik yo, tankou chofaj, dlo cho, elektrisite ak gaz pou kwit manje.

Tablo ki anba a ap ede w idantifye kantite lajan maksimòm bon ou an genyen pou lwaye, si w responsab pou kèk oswa pou tout sèvis piblik yo:

Kantite Moun ki nan Fanmi an	Gwosè Apatman an	Tout Sèvis Piblik Yo Ladan	San Gaz pou kwit manje ak Kouran	Ak Gaz Pou Kwit Manje Sèlman	Ak Elektrisite Sèlman	Okenn Sèvis piblik Pa Ladan
1	SRO	\$1,751	\$1,652	\$1,676	\$1,727	\$1,574
1	0 (Estidyo)	\$2,335	\$2,236	\$2,260	\$2,311	\$2,158
1 oswa 2	1	\$2,387	\$2,275	\$2,302	\$2,360	\$2,184
3 oswa 4	2	\$2,696	\$2,555	\$2,586	\$2,665	\$2,443
5 oswa 6	3	\$3,385	\$3,214	\$3,249	\$3,350	\$3,084
7 oswa 8	4	\$3,647	\$3,446	\$3,485	\$3,608	\$3,296
9 oswa 10	5	\$4,194	\$3,963	\$4,006	\$4,151	\$3,794
11 oswa 12	6	\$4,741	\$4,510	\$4,553	\$4,698	\$4,341
13 oswa 14	7	\$5,288	\$5,057	\$5,100	\$5,245	\$4,888
15 oswa 16	8	\$5,835	\$5,604	\$5,647	\$5,792	\$5,435
17 oswa 18	9	\$6,383	\$6,152	\$6,195	\$6,340	\$5,983
19 oswa 20	10	\$6,930	\$6,699	\$6,742	\$6,887	\$6,530

Kijan mwen ka konnen ki sèvis piblik yo enkli?

- Kontra lwaye yo pwopoze a ap di w ki sèvis piblik yo enkli
- Lis la ka di tou ki sèvis piblik yo enkli. *Pa egzanp: chofaj ak dlo cho enkli ladan li.*
- Ou ka mande koutye a oswa mèt kay la

Èske mwen ka dakò pou m peye pwopriyetè a diferans lan?

Non, ou pa ka dakò pou w peye pwopriyetè a diferans lan. Se sa yo rele yon "aranjman sou kote" e pwopriyetè yo pwomèt pou yo pa fè sa lè yo aksepte pran bon an. Sa ede nou asire nou ke lwaye w la koute kantite lajan ki nan kontra lwaye a epi li pèmèt nou toujou gen lwaye ki abòdab pou tout moun.